**O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTERLIGI**

Berdaq atindag'i Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti

Sotsial - ekonomika fakulteti

Ekonomika kafedrası

Agrosanaat kompleksi ekonomikası pa'ninen

# KURS JUMISI

**Tema: Awil xojalig'inda mashina-traktor parkinin' a'hmiyeti**

Qabillag'an: Dosekeev J.

Orınlag'an: Embergenova M.

No'kis-2014

## MAZMUNI

**Kirisiw** **3**

**I bap. Mashina-traktor parki servis xızmetinen paydalanıw ekonomikası**

1.1. Awıl xojalıg'ında mashina-traktor parkinin' a'hmiyeti 4

1.2 Mashinalardı on'law ha'm texnikalıq servis xızmetin sho'lkemlestiriw 6

**II bap. Awıl xojalıg'ında mashinalar sisteması jetilistiriw**

2.1. Mashinalar sisteması ha'm ka'rha'nalardın' mashina ha'mde u'skenelerge bolg'an talabın anıqlaw 8

2.2. MTP dan paydalanıwdın' ekonomikalıq na'tiyjelik ko'rsetkishleri 12

**Juwmaqlaw bo'lim** **15**

**Paydalang'an a'debiyatlar.** **16**

## Kirisiw

Awıl xojalıq subektlerine mashina-traktor parki barlıq mexanizatsiya jardeminde isleniletug’ın jumıslardı orınlawdan ibarat.

Xojalıqta traktor ha’m awıl xojalıq mashinalarına bolg’an talap jerdin’ – klimat sharayatına, xojalıqtın’ bag’darına, diyxanshılıq ha’m sharwashılıqtag’ı onın’ islep shıg’arıw ko’lemine ha’m jumıs prtsesslerinin’ mexanizatsiyalaw jag’dayına, texnologiyalıq prtsessine tiykarlanıp anıqlanadı.

Mashina-traktor parkinen (MTP) paydalanıwda shirket xojalıqları birlespesinin’ biznes jobası, fermerlerdin’ texnologiyalıq kartaları, egin maydanları ha’m olardın’ quramı, su’riletugın jerler, mallar ha’m quslardın’ sanı, melioratsiya ha’m irrigatsiya jumıslarının’ ko’lemi; to’gin beriw, ju’klerdi tasıwda paydalanıladı.

Texnikalardan na’tiyjeli paydalanıw ushın iri xojalıqlarda MTP, fermerler ushın alternativ MTP lar sho’lkemlestirilmekte. MTP xızmetinen paydalanıwda xojalıklar sha’rtnama tiykarında, zaru’r bolg’an mexanizatsiya jumısların orınlamaqta. Ha’zirgi ku’nde MTP rayon oraylıq on’law ustaxanası menen birge is ju’ritpekte. Onda tiykarınan shet el texnikaları lizinge alıngan ha’m ka’rxana texnikaları is ju’ritpekte.

Texnikalardı on’law MTP da alıp barılıp, onı sho’lkemlestiriwde ko’plegen zavod ha’m qospa ka’rhanalar birgelikte is ju’ritpekte. Ha’r bir texnika MTP basshıları ta’repinen texnikalıq ko’rikten o’tkiziledi. Texnikalıq jag’dayın diagnostika qılıwda texnikalardı saqlaw isleri de a’melge asırıladı. Ha’r bir texnikadan paydalanıwdı ekonomikalıq ko’rsetkishler tiykarında analizlenedi. Awıl xojalıq quralların energetikalıq qurallar menen ta’miyinlew ha’m onı isletiw na’tiyjeligin arttırıw boyınsha tiykarg’ı bag’darlar ko’rsetilgen.

## I BAP Mashina-traktor parki servis xızmetinen paydalanıw

### 1.1. Awıl xojalıg'ında mashina-traktor parkinin' a'hmiyeti.

MTP xojalıq esabı usılında xızmet ko'rsetedi. MTP nın' sho'lkemlesken strukturası traktor, avtomobil, kombayn ha'm awıl xojalıq mashinaları parkleri, on'law ustaxanası, diagnostika orayı, texnikalardı saqlaw skladları, tamiynat, janılg'ı quyıw bo'limi, dispetcherlik xızmeti ha'm basqalardan ibarat. MTP da basqarıw bas injener ta'repinen alıp barıladı. Materiallıq-texnika resursları tiykarg'ı ha'm aylanba kapital (fond) ko'rinisinde a'melge asırıladı. Agrar tarawda materiallıq-texnika resursları tiykarınan MTP ja'rdeminde paydalanıladı, xojalıqlar menen MTP ortasında du'zilgen sha'rtnamalar tiyearında xızmet ko'rsetedi.

Awıl xojalıg'ında texnikadan o'nimli paydalanıw maqsetinde O'zbekstan Respublikası MİnistrIer Kabinetinin' 1995-jıl 24-marttag'ı «Awıl xojalıg' islep shıg'arıw-texnika xızmetin ko'rsetiw tarayaında sha'rtnamalı qatnasıqların rawajlandırıw shara-ilajlar haqqında» g'ı 152-sanlı qararına tiykarlanıp «O'zqishxojtamiotta'mir» ma'mleketlik kooperativ komiteti ha'zirgi «O'zagromashservis» ma'mleketlik aktsionerlik ja'miyeti (MAJ) sistemasında Mashina-traktor parkleri sho'lkemlestiriledi.

Tamamlanıp atırg'an shirket xalıqları MTP sı ornına alternativ MTP sho'lkemlestirildi.

Awıl ha'm suw xojalıg'ı ministrliginin mag'lıwmatları boyınsha, tarmaqta traktorlardın', kombaynlardın', ju'k mashinalarının' ulıwma sanı son'g'ı jıllarda kemeyip baratır. 1996-jılda tarmaqtag'ı ja'mi traktorlardın' ulıwma mug'darı 152,2 mın' bolg'an bolsa, 2001-jıldın' basına kelip 131,1 mın'dı qurag'an yaki sol jıllar ishinde 25,7 payızg'a kemeygen. Traktorlar keskin kemeywinin' sebebi sonda, olar jumısqa jaramsız bolıp qalg'anı ushın islep shıg'arıwdan shıg'arılg'an. Haqıyqatında da, sol jıllar ishinde bar traktorlardın' jumısqa jaramlılıq da'rejesi de pa'seygen. Egerde 1996-jılda barlıq traktorlardın' 72 payızı isletiwge tayar bolg'an bolsa, 2000-jılda bul baradag'ı ko'rsetkish 70,9 payızdı qurag'an. Demek, ja'mi traktor parkinen paydalanıw koeffitsienti 1996-jılda 0,72 den aspag'an, 2000-jılda bolsa onın' da'rejesi pa'seyip, 0,71 di qurag'an. Sol jıllar ishinde paxta teriw

kombaynleri 15,1 mın’nan 12,8 mın’g’a kemeyip, 2,3 mın’dı qurag’an yamasa 6,6 ma’rte qısqarg’an. G’a’lle kombayinleri bolsa 30,4 payızga kemeyip, 2001-jıldın’ basına 6950 dananı qurag’an. Awıl xojalıq mexanizmlerinen kultivatozlar sanı 1996-2000 jıllar dawamında 19,7 payızg’ı, traktor kultivatozları-28,7 payızga, mineral to’gin sepkishler bolsa 47,8 payızg’a qısqarg’an. Respublika awıl xojalıg’ındag’ı mashinalar-traktorlar ha’mde mexanizmler sanı to’mendegi sebepler ta’sirinde qısqarg’an:

-fizikalıq ha’mde manawiy eskirgenligi sebepli esaptan shıg’arılg’an;

-artıqsha esaplang’an ayırım awıl xojalıq texnikaları talapkerlerge satılg’an, paydalanıw ushın ijarag’a berilgen;

-xojalıqlardın’ daramatları jetistiriwshiligi sebepli yag’nıy, o’nimdar texnikalar satıp alıwdın’ kemligi.

Biraq joqarıdag’ılarg’a tiykarlang’an xalda awıl xojalıg’ındag’ı mashina, traktorlar, mexanizmlerdin’ sanı tek g’anga kemeyiwge ju’z tutqan, dep juwmıq shıg’arıw onsha durıs bolmaydı. Sebebi xojalıqlar bazar ekonomikası sharayatında olardı tan’law imkaniyatlarına iye. Sonın’ ushın son’g’ı jıllarda pa’n-texnika rawajlanıw na’tiyjesinde quwatlı, o’nimli, na’tiyjeli texnikalardı ma’lim mug’darda satıp almaqta. Tiykarınan, «T-28x4», «Magnum» traktorların, «Keys» kombaynların satıp almaqta. Bull prtsesste ma’mlekettin’ ko’megi ju’da’ u’lken.

Awıl xojalıq ka’rhanalarının’ mashina, traktor, mexanizmlerge bolg’an talapları da tolıq qandırılg’an joq. Bul ma’seleni sheshiw ushın mashina, traktor ha’m mexanizmlerdi awıl xojalıq ka’rhanalarının’ talabın qandıratug’ın da’rejede satıp alıw za’ru’r. Bunın’ ushın olardı qaysı derekler esabınan, qayerlerden, qanday jollar menen, qkanday ta’rtipte alıw mu’mkinligin de biliw kerek. Awıl xojalıg’ı ka’rxanaları o’z daramatları ha’mde shetten tartılg’an investitsiyalar esabınan material-texnikalıq resurslarının’ ayırımların qurıwı, ijarag’a alıwı, ayırımların bolsa qarap jaratıwı mu’mkin. Awıl xojalıg’ında qol miyneti qa’rejetleri artıp baratır. Bull ma’selelerdi unamlı sheshiw awıl xojalıg’ında lizing krediti rawajlandırıwı, byuul bolsa awılda lizing menen shug’ıllanıwshı firma, kompaniyalar sanı ko’beytiliwin, olardın’ xızmetleri rawajlandırıwın talap etedi.

**1.2. Mashinalardı on'law ha'm texnikalıq servis xızmetin sho'lkemlestiriw.**

Texnikanı go'nergen, isten shıqqan bo'leklerin almastırıw, jan'alaw ha'm on'law texnikadan paydalanıwshılar ushın qosımsha miynet ha'm materiallıq resurslır, qa'wipsizlik bo'lekler, on'law materialları, binalar, a'sbap-u'skeneler ha'm basqa tu'rdegi qa'rejetlerdi talap etedi. Awıl xojalıg'ında paydalanılatug'ın texnika ha'm awıl xojalıq mashinaların tiklew maqsetinde texnika-on'law xızmet ko'rsetiw ka'rxanaları sho'lkemlestirildi.

Texnika-on'law xızmeti bazası obektine: xojalıqlardın' oraylıq on'law ustaxanası; avtomobil sarayı; mashinalar parki; neft skladları; benzin quyıw orınları; ha'rekettegi texnikalıq xızmet ko'rsetiw ha'm on'law avtomashinası ustaxanaları; MTP qasındag'ı texnikalıq xızmet ko'rsetiw punktleri; ulıwma xızmetler ko'rsetiw texnikalıq stantsiyaları; traktorlarg'a ha'v sharwashılıq texnikasına texnikalıq xızmet ko'rsetiw stantsiyaları; kombayn ha'm basqa quramalı mashinalardı on'law tsexı, on'law zavodları, quramalı tu'rdegi texnikalardı kapital on'lawg'a qa'niygelesken ustaxanalar ha'm tsexlar; jayılgan detallardı qayta anıqlaw ustaxanalarınan du'ziledi.

Bull texnika-on'law xızmeti bazası o'z xızmet qılıw shen'berine qaray u'sh basqıshqa: ka'rxana, rayon ha'm walayat mashina-traktor birlespesine boysınadı.

Ma'selen, xojalıqtın' oraylasqan on'law ustaxanası xojalıqqa; (shirket xojalıg'ı), avtomobillerdin' texnikalıq xızmet ko'rsetiw stantsiyaları-rayong'a, on'law zavodları bolsa walayat, yamasa iri birlespelerge boysınadı.

Texnika on'law xızmetlerin ko'rsetiw bazasının' tiykarg'ı wazıypaları-barlıq markadag'ı awıl xojalıq mashinaların jıl dawamında ha'r qanday sharayatta da awıl xojalıq jumısların islew alıw qa'biyleti jag'ınan tayar turıw, texnika jag'dayında ju'z bergen ha'r qanday kemshilikler, nasazlıqlardın' aldın alıw ha'm du'zetiw, olarg'a qısqa mu'ddetinde texnikalıq servis xızmetlerin ko'rsetiw.

Awıl xojalıq mashinaların islep shıg'arıwshı ka'rxanalar servis xızmetin ja'ha'n u'lgisine sa'ykes halda orınlay alatug'ın, on'law islerin talap da'rejesinde a'melge asıra alatug'ın ustaxanalar qurıw, zamanago'y a'sbap-u'skeneler,

qa’wipsizlik bo’lekleri, detallar ha’m basqa shiyki zat resursları ha’m qaniyge jumıs ku’shi menen on’law za’ru’rligin esapqa alıp, Respublikada «O’zqishloqxojaliqtamiynot-tamir» ma’mleket kooperativ komiteti sisteması du’zildi. «O’zqishloqxojaliktamiynottamir» ma’mleket kooperativ komiteti sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası awıl xojalıg’ın materiallıq bazasın jaratıw, onı ha’zirgi zaman bazar talabına sa’ykeslew, xızmet ko’rsetiwin sho’lkemlestiriw, awıl xojalıg’ındag’ı texnikalıq qurallardan o’nimli paydalanıwda ele o’z sheshimin tabalmag’akn ma’seleler ha’m mashqalalardı sheshiw.

Respublikada barlıq tu’rdegi texnika servis qurallarına iyelik etiw huqıqı rayon aktsionerlik MTP ları, Qaraqalpaqstan Respublikası «Agroxorijtexnika» ja’miyeti awıl ha’m suw xojalıg’ı ministrligine tiyisli Xorezm wa’layatı texnikalıq orayına berilgen bolıp, olar shirket, fermer xojalıqları ha’mde barlıq rayonlardag’ı alternativ MTP larg’a xızmet ko’rsetiledi. Olar bul texnikalardan tek paydalanıp g’ana qalmastan, olarg’a servis xızmetleri ko’rsetiw ha’mde barlıq tu’rdegi on’law islerin de alıp baradı.

Ha’zirgi waqıtta jan’adan du’zilip atırg’an fermer xojalıqlarına 6967 traktor, 152 da’n orıw ha’m jenshiw kombaynleri, 316 pishen orıwshı kosilkalarg’a, 3117 ha’r qıylı awıl xojalıq mashinaları, 328 ju’k ha’mde 4300 jen’il avtomashinalar satıp alındı. Fermer xojalıqları texnikag’a iye bolıwında lizing usıl qolaylı.

İslep shıg’arılg’an texnikanı zavod ta’repinen onı paydalanıwshılarg’a (satıp alıwshılarg’a) satıwdı «O’zzelxozmashxolding» kompaniyası, «O’zkeysmash», «O’zkeystraktor», «TashximDeopiya» qospa ka’rxanarı «Keys Nyu-Golland» texnika satıp alıwshı kompaniya «O’zselxozlizing» kompaniyaları orınlaydı.

Mashinalardın’ materiallıq-texnikalıq bazası olarg’a texnikalıq xızmet ko’rsetiw ushın kerek bolatug’ın texnikalıq qurallardın’ ha’mmesin o’z ishine aladı. Olardın’ quramına oraylıq on’law kompleksi, qozg’almas texnikalıq xızmet ko’rsetiw postı, ha’reketleniwshi texnikalıq xızmet ko’rsetiw ustaxanası, janılg’ı ha’m may menen ta’miyinlew postı, ha’reketleniwshi avtomobil tiykarında du’zilgen jan’ılg’ı-maylaw materialları menen ta’miyinleniwshi agregatlar, traktor ha’m awıl xojalıq mashinalarının’ ag’ımdag’ı on’law ustaxanası, avtomobil

tiykarında du'zilgen ha'reketleniwshi on'law ustaxanası ha'm traktorlardı qoyıw (saqlaw) ushın mo'ljelengen orınlar kiredi.

Oraylı on'law kompleksinde texnikalıq xızmet ko'rsetiw ha'm ag'ımdag'ı on'lawg'a tiyisli tiykarg'ı isler orınlanadı. Ol, a'dette, oraylıq on'law ustaxanası, xojalıqtın' neft o'nimleri skladı, oraylıq mashina parki ha'm avtomobiller garajınan ibarat boladı. Oraylıq komplekste texnikalıq xızmet ko'rsetiw quralları da jaylasqan bo'limlerge barıp keliwi mu'mkin.

Ha'reketleniwshi mexanizatsiyalasqan qurallar. Texnikalıq xızmet ko'rsetiw agregatları ja'rdeminde dala sharayatında traktor ha'm basqa awıl-xojalıq mashinalarınaTXK-1 ha'mTXK-2 jumısların mexanizatsiyalasqan halda o'tkiziw mu'mkin. Avtomobil shassisine ornatılg'an agregatlar 25-30, traktor prtsepine ornatılg'an agregatlar bolsa 10-15 traktorg'a xızmet ko'rsetiw ushın mo'ljellengen.

Texnikalıq xızmet ko'rsetiw buwınları. Traktorlarg'a texnikalıq xızmet ko'rsetiw islerinin' barlık tu'rleri traktorshılar ta'repinen o'tkeziledi. Mashinalıq smenalıq texnikalıq xızmet ko'rsetiwdi orınlaw traktorshının' wazıypası esaplanadı. Traktorlarg'a jobalı ha'm ma'wsimldi texnikalıq xızmet ko'rsetiw ha'mde mashinalardı isletiw protsessinde ju'z beretug'ın nasazlıqlardı on'law isleri texnikalıq xızmet ko'rsetiw boyınsha qa'niygelesken zvenolar ta'repinen orınlanadı, bunda sol mashinada islewshi traktorshı da qatnasadı.

## II BAP. Awıl xojalıg'ında mashinalar sistemasın jetilistiriw

### 2.1 Mashinalar sisteması ham ka'rxanalardın' mashina ha'mde u'skenelerge bolg'an talabın anıqlaw

Tiykarg'ı o'ndiris quralları quramında mexanikalıq o'ndiris quralları ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. O'ndiris ku'shlerinin' rawajlanıwı, en' da'slep, miynet quralları jetilischiwi menen baylanıslı. Sebebi mexanikalıq miynet quralları miynet o'nimlarlıg'ın keskin artıwına, o'ndiris ko'lemi ken'eyiwine, o'nim birligine qa'rejetler qısqarıwına alıp keledi.

Mexanikalıq o'ndiris quralları quramında traktorlar ha'm ku'sh beriwshi mashinalardın' ornı ten'siz. Biraq jumıs mashinaları olardın' o'zgeshiligi, quramı awıl xojalıg'ı eginlerine islew beriw texnologiyasın du'ziwde tiykarg'ı faktor. Sebebi, jumıs beriwshi mashinalardın' o'zgeshiligi, na'tiyjelik ko'rsetkishlerine qaray, ku'sh beriwshi mashinalardı jaratıw talap etedi.

Qandayda bir o'nim jetistiriwde kompleks mexanizatsiya yamasa avtomatlastırıwdı a'melge asırıw ushın mashinalar sisteması bolıwı kerek.

Awıl xojalıg'ında mashinalar sisteması-bul, qandayda bir o'nim jetistiriw prtsessindegi o'z-ara izbe-iz keletug'ın jumıs protsesslerinde qollanılatug'ın, bir-birin toltıratug'ın, mug'darı ha'm o'nimi jag'ınan bir-birine proportsional tu'rli jumıs orınlawshı ha'm qu'sh beriwshi mashinalardın' o'z-ara birligi, yamasa jıyındısı.

Awıl xojalıg'ında mashinalar sisteması tu'rli tarmaqlarda, eginler toparları boyınsha tu'rli bolıp, olarda qollanılatug'ın texnologiya ogeshiliginen kelip shıg'adı. Texnologiyanın' tu'pten o'zgeriwi, o'z na'wbetinde, mashinalar sistemasına o'zgerisler kiritiwdi talap etedi.

Awıl xojalıg'ında mashinalar sistemasın jaratıwda og'an qoyılatug'ın talaplar esapqa alınıwı kerek. Bull talaplar to'mendegiler:

-sistemag'a kiritilgen mashina ha'm u'skenelerdin' sanı, o'nimi jag'ınan bir-biri menen uyqınlasqan bolıwı; jumıs orınlawshı mashinalardın' o'z-ara ha'm jumıs beriwshi mashina quwatına sa'ykes keliwi.

-jumıs islewshi mashinalar kombinatsiyalasqan bolıwı, yag’nıy bir mashinanın’ o’zinde bir wa’qıtta bir neshe protsesti orınlaw mu’mkin bolıwın ta’miyinlewi.

-jumıs ha’m ku’sh beriwshi mashinalardın’ universallıg’ın arttırıwı, yag’nıy mashina u’skenelerinen tu’rldi eginlerinde tu’rli jumıs protsesslerinde paydalanıw. Mashinalar universallıg’ının’ artıwı ka’rxananın’ kem sanlı mashina ha’m u’skeneler menen ko’birek jumıslardı orınlaw, bunın’ na’tiyjesinde o’nim birligin jetistiriw ushın kemirek qa’rejet etiwi ushın imkan beredi.

Ka’rxananın’ mashina ha’m u’skenelerge bolg’an talabı ag’ımdag’ı jılg’a ha’m perspektivag’a bolg’an talaptan ibirat. Talaptı anıqlawda, en’ da’slep, ku’sh beriwshi mashinag’a, yag’nıy traktorg’a, kombayng’a ha’m o’zi ju’rer mashinag’a bolg’an talap anıqlanadı. Traktorg’a bolg’an talap aqımdag’ı jıl ushın onın’ fizikualıq o’lsheminde, perspektiva ushın bolsa sha’rtli o’lshem sıpatında etalon traktor ha’mde traktor t-klassı qabıl qılıng’an.

Perspektiva texnologiyalıq kartaların (egin tu’rleri boyınsha) islep shıg’ıwda ha’m bug’an tiykarlanıp, tu’rli normalardı belgilewde, t.-klasstag’ı traktorlar o’lshemi ken’ isletiledi.

Traktorlarg’a bolg’an talap ha’r bir traktor markası boyınsha (ag’ımdag’ı jılg’a, yaki sha’rtli traktorg’a perspektivag’a) tuwrı keletug’ın fizikalıq jumıs ko’lemine tiykarlanıp esaplanadı. Bunda to’mendegi formuladan paydalanadı:

$$T = \frac{UX}{H_k x UK}$$

Bul jerde:

T-traktorlarg’a bolg’an talap;

UX-is ko’lemi;

$H_k$-ku’nlik jumıs norması;

$U_k$-agrotexnikalıq mu’ddettegi jumıs ku’nleri.

Bul formuladag’ı ku’nlik jumıs norması ornına saatlıq jumıs normasın qollanıw mu’mkin. Bunda formula to’mendegi formada boladı:

$$T = \frac{UX}{H_c x K_c x U_k}$$

Bul jerde:

$H_c$-saaatlıq jumıs norması;

$K_c$-smena, yaki bir ku'nde neshe saat islewi, yag'nıy jumıstın' neshe smenada du'ziliwi.

Sonnı esapqa alıw kerek, awıl xojalıg'ında bir jumıs smenası 7 saat etip qabıl etilgen.

Bul formuladan kombaynlar ha'm o'zi ju'rer mashinalarg'a bolg'an talaptı anıqlawda da paydalınadı.

Awıl xojalıq ka'rxanalarında traktorg'a ha'm basqa mashina-u'skenelerine bolg'an talaptı anıqlaw menen birge, mashina-traktor parki (MTP) bar bolg'an tag'dirde xızmetin tuwrı ha'm na'tiyjeli du'ziw ushın olardan qay da'rejede paydalanılıp atırg'anın ko'rsetiwshi ko'rsetkishlerdi biliw kerek. Bul ko'rsetkishler to'mendegilerden ibarat:

1. Traktorlardın' ortasha jıllıq sanı. Bul ko'rsetkish to'mendegishe anıqlanadı:

a) $\overline{X} = \dfrac{\frac{1}{2}x_1 + x_2 + x_3 + \frac{1}{2}xn}{n-1}$

Bul jerde:

$\overline{X}$ -ortasha jıllıq san;

$x_1 x_n$-traktorlardı ha'r ay basına bolg'an sanı;

n-bar aylar

b) Xojalıqta bolg'an ja'mi traktor ku'nler yaki saatları bir jıldın' kalendar ku'ni-365 ke yamasa bir jıllıq saatlar mug'darına bo'linedi (8760 saat). Ja'mi mashina ku'nleri yaki mashina saatlar ha'r bir traktorlardın' xojalıqta bolg'an ku'nleri yaki saatları jıyındısınan ibarat boladı:

$$\overline{X} = \frac{JMK \approx JMS}{365 \approx 8760}$$

Bul jerde:

JMK-ja’mi mashina ku’ni;

JMS-ja’mi mashina saatlar.

2) Mashina-traktor parkinin’ (MTP) iske tayarlıq da’rejesi, yag’nıy jumısqa tayar etip qoyılg’an mashinalardın’ ja’mi mashinalarg’a qatnası:

$$K_t = \frac{JTT}{JBT}$$

Bul jerde:

$K_k$-jumısqa tayarlıq koeffitsienti;

JTT-jumısqa tayar traktorlar;

JBT-ja’mi bar traktorlar.

3) Jumısqa qatnasıw koeffitsienti (da’rejesi), yag’nıy jumısqa qatnasqan traktorlardın’ ja’mi traktorlarg’a qatnası:

$$K_k = \frac{JK}{JTT}$$

Bul jerde:

$K_k$-jumısqa qatnasıw koeffitsienti;

JK-jumısqa qatnasqan traktorlar.

4) Mashina-traktor parkinen paydalanıw smena koeffitsienti:

$$MTP_{kc} = \frac{MS}{MK}$$

Bul jerde:

$MTP_{kc}$-MTP payda koeffitsienti;

MS-orınlang’an mashina smena;

MK-orınlang’an mashina ku’shler.

5) Traktor-kombaynlerden paydalanıwdın’ jıllıq o’nimi, arnawlı mashinalardın’ ma’wsimlik o’nimi bir traktorg’a tuwrı keletug’ın etalon gektar orınlag’an mashina ku’nleri yaki mashina saatları.

6)Traktorlardın’ potentsial o’nimi ha’m onnan paydalanıw da’rejesi-koeffitsienti.

$$U_k = \frac{XJ}{BJ}$$

Bul jerde:

$U_k$-traktorlardın’ imkaniyatınan payda koeffitsienti;

XJ-haqıyqatta orınlang’an jumıs;

BJ-bir jılda orınlawı kerek bolg’an jumıs etalrn gektarda.

### 2.2. MTP dan paydalanıwdın' ekonomikalıq na'tiyjelik ko'rsetkishleri.

MTP dan paydalanıwda traktor ha'm avtomashinalardın' awıl-xojalıq ka'rxanalarına sha'rtnama tiykarında ko'rsetken servis xızmetleri ushın daramat aladı. Bul daramat ulıwma park daramatı bolıp, usı daroavmattın' ko'beytiriliwi yaki daramattı qaliplestiriliwdegi qa'rejetlerdi kemeyttiriw ha'r bir miynetkeshtin' tiykarg'ı wazıypası. Qa'rejetlerdi kemeyttiriwde traktorlardı ekspluatatsiya qılıwdag'ı shıg'ınlardı kemeyttiriw arqalı orınlang'an jumıs na'tiyjeli boladı.

MTP ekonomikalıq xızmetin analizlewde ja'mi orınlang'an mashina ku'nleri,mashina smenaları, jıllıq jumıs waqtınan paydalanıw koeffitsienti, sha'rtli etalon gektar esabına orınlang'an jumıs ko'lemi, alıng'an o'nim, qarejet, payda ko'rsetkishlerinen paydalanıladı.

1. Eginzarlardı bir sha'rtli etalon traktorlarg'a tuwrı keliwi-eginzar jer maydanın ortasha jıllıq sha'rtli etalon traktorg'a bo'linedi;

2. Fizikalıq traktorlardın' ortasha nominal quwatı-ja'msi traktorlardın' nominal quwatın fizikalıq traktorlarg'a qatnası;

3. Traktorshı-mashinisttin' ortasha aylıq is haqı-ortasha jıllıq traktor-mashinistler sanın bar traktorshı-mashinistler sanına qatnası;

4. 1 gektar eginzarda traktor jumıslarının' orınlawı-orınlang'an jumıs ko'lemin eginzarlar maydanına qatnası;

5. Bir sha'rtli traktordın' orınlang'an jumıs smena-norması-ja'mi orınlang'an smena-norması MTP boyınsha sha'rtli traktorlar sanına qatnası;

6. Bir sha'rtli traktorlardın' jumıs o'nimi-ja'mi traktor jumıslarının' ortasha jıllıq sha'rtli traktorlar sanına qatnası.

7. Bmr sha'rtli traktorg'a ekspluatatsiya qa'rejetlerinin' tuwrı keliwi:

-ja'mi ekspluatatsiya qa'rejetlerinin' traktor orınlag'an jumıs ko'lemine qatnası;

8. Traktorlar ja'rdeminde ja'mi orınlag'an jumıs ko'lminen transport jumısları salmag'ı-transport jumıslarının' traktor orınlag'an jumıs ko'lemine bolıp 100 ge ko'beymesi.

Awıl xojalıg'ında tu'rli mu'lkshilik formaları xızmet ko'rsetip atırg'an bir paytta texnika ha'm jetekshi texnologiyalarg'a bolg'an talap tez pa'tte atrapta. Ha'r qanday xojalıqta texnika ha'mde energetika qurallarısız o'ndiristi qa'liplestiriw mu'mkin emes. Sonın' ushın mu'lkdarlardı texnika ha'm energetikalıq qurallar menen qu'rallandırıw jag'dayın, onnan na'tiyjeli paydalanıw ha'm tu'rli o'nimler islep shıg'arıw imkaniyatların esapqa alınadı. Onda energiya resursları menen ta'miyinlew da'rejesi, resurslardan u'nemli paydalanıw ushın tiykarg'ı tarmaqqa salıstırg'anda ja'rdemshi tarmaqlardı rawajlandıradı. Tiykarg'ı tarmaq diyqanshılıq, sharwashılıq bolsa xojalıqta ja'rdemshi tarmaq o'nimlerdi qayta islew prtsessi tusiniledi.

Xojalıqlarda statsionar jag'dayda orınlanatug'ın jumıslarg'a sarplanatug'ın elektr quwatı at ku'shi menen esaplanadı. Elektr dvigatellerinin' quwatın anıqlaw ushın at ku'shi menen esaplang'an elektr quwatın «kiloVatt» mashinalardın' paydalang'an elektr qu'watınan paydalanıw koeffitsientine bo'linedi. Bull esaptı shıg'arıwda to'mendegi formuladan paydalanamız:

$$T_{eq} = \frac{T_{qq} \cdot 0,736}{K}$$

Bunda:

$T_{eq}$-elektr dvigatelinin' elektr quwatına bolg'an talap;

$T_{qq}$-mashinanı isletiwde talap qılınatug'ın quwat (at ku'shi esabında 0,736 kVt-1,36 at ku'shine ten');

K-elektr quwatın o'tkiziwshi mexanikalıq o'tkizgishlerdin' paydalı jumıs koeffitsienti.

MTP quwatı-traktor ha'm mashinalardın' at ku'shi esabındag'ı quwatına qarap belgilenedi.

Kombayn quwatı-dvigatellerdin' ku'shine qarap belgilenedi. Avtomobil dvigatellerinin' quwatı-ha'r bir markadag'ı avtomobiller sanın dvigatel quwatına ko'beyttiriw jolı menen anıqlanadı.

Elektr qurılmalarının' quwatı-elektr energiya deregi quwatının' jıyındısı sıpatında belgilenedi.

Elektrogeneratorlar ha'm dvigateller quwatı-olardın' xojalıqta bolıw waqtına qarap belgilenedi. Bunda elektr quwatı kVt mug'darın aylandırıw koeffitsienti (1,36) ne ko'beytirilip at ku'shine aylantırıladı.

# Juwmaq

Biz joqarıda aytıp o'tkenimizdey, awıl xojalıg'ında mashina-traktor parkinin' ekonomikada tutqan a'hmiyeti o'zgeshiliklerin ko'rip tanısıp shıqtıq.

Respublika agrar tarawında texnikalardan na'tiyjeli paydalanıw maqsetinde shet el isbilermenleri menen sheriklikte texnika quralları islep shıg'arıw , servis xızmetlerin ko'rsetiw, on'law, lizing tiykarında iri isler qılındı.

Son'g'ı jıllarda pa'n-texnika rawajlanıwı na'tiyjesinde quwatlı, o'nimli, na'tiyjeli texnikalardı ma'lim mug'darda satıp almaqta. Tiykarınan, «T-28x4», «Magnum» traktorların, «Keys» kombaynlarin satıp almaqta. Bul protsesste ma'mlekettin' ko'megi ju'da' u'lken.

Juwmaqlap aytqanda, awıl xojalıg'ında ka'rxanalardın' mashina, traktoa, mexanizmlerge bolg'an talabın qanaatlandırıw ushın, bulardı jeterli da'rejede satıp alıw za'ru'r. Bunın' ushın olardı qaysı derekler esabınan, qayerlerden, qanday jollar menen, qanday ta'rtipte alıw mu'mkinligin de biliw kerek.

Awıl xojalıg'ında qol miyneti ko'p qa'rejet talap etedi. Bul ma'selelerdi unamlı tu'rde sheshiw awıl xojalıg'ında lizing krediti rawajlandırıwı, bul bolsa awılda lizing menen shug'ıllanatug'ın firma ha'm kompaniyalardın' sanın ko'beytiriliwin, olardın' xızmetleri rawajlandırılıwı talap etedi.

## Paydalang’an a’debiyatlar dizimi


1. Karimov İ.A. «Qishloq xo’jaligi taraqqiyoti- twkin hayot manbai»-T.: «O’zbekiston»,1998.
2. Karimov İ.A. «O’zbekiston iqtisodiy islohatlarni chuqurlashtirish ywlida»- T.: O’zbekiston, 1993.
3. Abduganiev A.  Abduganiev A. A. «Qishloq xo’jaligi iqtisodiyoti» - T.: «TDİU», 2004
4. Husanov R.H., Hamdamov A.N., Rafiqov İ.E. «Qishloq xo’jaligida servis xizmati muqobil mashina – traktor parklarini rivojlantirish masalalari»:-T.: «Yangi asr avlodi» 2001
5. Umirzoqov O’. P.,  Toshboev A. İ., Toshboev A. A. «Fermer hwjaligi iqtisodiyoti» - T.: «İqtisod-moliya» 2008
6. İkromov U., Ergashev A., Saliqov M. «Traktorlarni ishlatish va tamirlash asoslari» - T.: «O’qituvchi», 1995